

# Konsèy pou Fè Acha

## pou Rantre Lekòl



Nou te kreye ti konsèy rapid sa yo pou paran ak elèv ki pral achte yo pou ede ou ekonomize lajan epi bonjan desizyon ak zafè lajan.

### Fè yon lis epi kreye yon bidjè.

- Ede timoun yo pran desizyon entelijan lè w ap chwazi ki founiti lekòl pou achte. Pran lis founiti pwofesè a epi montre pitit ou kijan pou li kreye yon bidjè selon kantite lajan li gen pou l depanse ak sa li bezwen achte. Si ou achte sou entènèt oswa nan yon magazen, kenbe ak lis ak bidjè a.

### Konpare pri.

- Sèvi ak sit entènèt, esmatfòn ak rezo sosyo yo pou fè rechèch sou pwodwi yo, konpare pri, epi jwenn kote k ap bay rabè.
- Evite antre enfòmasyon pèsònèl ou pou jwenn yon kupon — gen vòlè k ap mache fè pwomès pou vòlè enfòmasyon ou.

### Gade pri yo.

- Magazen yo dwe afiche pri swa sou atik la oswa sou yon pano ki kote atik la ye a.
- Li ilegal pou w peye plis pase pri ki afiche a.



**Kredi an plis:** Pa bliye li konsèy pou achte [elektwonik](#) ak [mèb](#) yo nan [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp).

### Veye moun k ap montre pri yo bye wo.

- Li ilegal pou biznis yo chaje twòp lajan pou machandiz oswa sèvis ki esansyèl pou sante, sekirite oswa byennèt pandan yon eta dijans deklare nan Vil New York.
- Machandiz oswa sèvis sa yo gen ladan yo dezenfektan, savon, pwodwi netwayaj, pwodwi ak sèvis dyagnostik ak medikaman.

**Ou ka depoze yon plent pou kote ki monte pri yo twò wo nan Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP).** Al gade nan [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp) oswa rele 311 epi di “overcharge” (pri ki twò wo). Pa bliye mete resi ou avèk plent ou an.

### Mande yon resi epi kenbe li.

- Nan Vil New York, ou gen dwa resevwa yon resi otomatikman si w achte pou plis pase 20 dola epi sou si ou mande sa lè w achte pou ant 5 ak 20 dola.
- Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou — dapre lalwa, resi yon kliyan pa dwe montre dat ekspirasyon kat kredi a oswa plis pase senk (5) dènye chif li yo.

Kontinye >

## Verifye règleman pou peman nan boutik ak ranbousman.

- Boutik yo pa ka refize aksepte peman lajan kach.
- Li ilegal pou boutik yo chaje kliyan yo ki peye ak lajan kach peye plis kòm pou menm machandiz la pase kliyan ki peye ak kat kredi oswa lòt metòd ki pa lajan kach.
- Magazen yo dwe afiche yon pankat ki detaye règleman ranbousman yo. Si yo pa fè sa, ou gen dwa resevwa yon ranbousman nan 30 jou apre acha ou a.

## Pwoteje tèt ou lè w ap fè w ap achte sou entènèt.

- Si w gen plan achte sou entènèt la pou rantre lekòl la, achte sèlman sou sitwèb ki sekirize yo.
- Sèvi ak sit ou abitye ak yo oswa fè rechèch epi li kòmantè sou nouvo sitwèb yo epi verifye si lyen yo kòmanse ak https (pa jis http; “s” la reprezante li sekirize” oswa ki gen ikòn yon kadna.
- Evite tape enfòmasyon pèsonèl ou lè w ap itilize Wi-Fi ki pa sekirize.
- Pa klike sou lyen nan imèl moun ou pa konnen voye ba ou oswa sou sit rezo sosyo yo — tape adrès la dirèkteman nan navigatè ou a.
- Al gade nan [OnGuardOnline.gov](https://www.onguardonline.gov) pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou aji ki san danje, ki sekirize, ak responsab sou entènèt la.

## Eksplike pitit ou kijan kat kredi yo fonksyone.

- Eksplike li kat kredi yo pa “lajan gratis,” epi ou gen pou remèt sa ou achte sou kat la ak enterè.
- Eksplike li diferans ant lè ou peye balans minimòm ak tout balans la ak ki konsekans ki genyen lè ou pa responsab avèk yon kat kredi.

## Jwenn konsèy finansye gratis.

- Al gade nan [nyc.gov/TalkMoney](https://www.nyc.gov/TalkMoney) pou pran yon randevou ak yon konsèy finansye pwofesyonèl nan Sant Otonomi Finansye Vil la.
- Travay avèk konsèy ou pou:
  - jere chanjman toudenkou nan bidjè ou oswa revni epi kreye yon plan depans;
  - louvri yon kont labank pou etabli depo dirèk;
  - kontakte kreditè yo;
  - ak plis toujou.

Konsèy finansye gratis ak konfidansyèl, kèlkeswa revni ou oswa sityasyon ou ak imigrasyon, epi yo ofri yo nan plizyè lang.

## Konnen dwa ak responsablite ou nan zafè kredi pou etidyan.

- Si w ap konsidere pran yon kredi etidyan pou tèt ou oswa pitit ou oswa nou deja gen yon kredi etidyan, pa bliye li konsèy ak resous DCWP yo nan [nyc.gov/StudentLoans](https://www.nyc.gov/StudentLoans).

**NYC**

Eric L. Adams  
Mayor

**Consumer and  
Worker Protection**

Vilda Vera Mayuga  
Commissioner

